

Amategeko y' Umurwi Ujejwe Indero S-10: Amafaranga Umunyeshure Ariha n'Amafaranga Akurirwako



IVYO KURABIRAKO AMAKURU NGIRAKAMARO

[Ibikorwa vy' Ubuyobozi ngenderwako bijanye n'Amategeko y' Umurwi Ujejwe Indero S -10](#)
[Utah Code Ann. §53G-8-212, Kwonona canke Gukorera Inabi Inyubakwa z' Ishure – Iyemereza ry' Umunyeshure](#)
[Kode ya Utah Ann. §53G-7-503-505, Amafaranga y' Ishure Arihishwa Umunyeshure, Ayatangwa muri konti ya banki,](#)
[n'amafaranga arihishwa](#)
[Ubuyobozi bwa Utah. Kode R277-407, Amafaranga y'Ishure](#)

AMATEGEKO

Umurwi Ujejwe Ubuyobozi bw' Indero kw' Ishure ry' Akarere Salt Lake City School uremeza ko ubumenye mugisata c' indero butangwa k' ubuntu ku banyeshure bose bo mu karere bari mu mashure y' intango ya K-6. Ku banyeshure bari mu myaka ya 7-12, umurwi ujejwe ubuyobozi bw' indero uremeza ikenerwa ry' itangwa ry' umunyeshure amafaranga y' ishure kugira ashirwe mu kigeza co gukoresha imigambi y' ishure, ibikorwa, hamwe n' ivyirwa, ariko uwo murwi uritwarariza kugabanya amafaranga y' umunyeshure kugira ntibizaniye ingaruka kumiryango yabo. Iyo amafaranga y'ishure asabwe kurihwa, intumbero yavyo n' ugufasha ishure kuriha ibikoresha ata nyungu igamijwe. Akigoro kose gategerezwa gukorwa kugira habe ukugabanywa kw' igitigiri c' amafaranga y' umunyeshure. Buri mwaka, abanyagihugu bafise ibihe bibiri vy' uburyo bwo gutanga ivyiyumviro vyabo kugitigiri cakozwe imbere yuko ico gitigiri cemezwa kandi kigashingwa n' umurwi ujejwe ubuyobozi bw' indero. Akarere kazoshinga no kwemeza amafaranga, ibabarirwa ry' amafaranga atangwa, hamwe n' inzira z' ugusubizwa ayatanzwe bivanye n' amategeko y' intara hamwe naya mabwirizwa.

Intumbero yano mategeko nuguha uburenganzira bw' ishingwa ryiyo ngingo hamwe n' ubuyobozi bw' umugambi ubereye kumafaranga atozwa, gutanga itangazo ry' inyandiko y' amafaranga buri mwaka, ibabarirwa ry' amafaranga atangwa yashinzwe n' umurwi ujejwe ubuyobozi, iyo nyandiko ikazatangwa ku banyeshure n' abavyeyi babo/abarezi babo, no kubuza ibikorwa bishobora gukumira abanyeshure badafise ubushobozi bwo kuriha ngo ntibaze bifatakanisha mubikorwa bihagarariwe n' ishure canke ikorwa ry' ingaruka ry' ingorane k' umunyeshure canke umuryango nko kuzanira ingaruka mbi m' ukwifatakanisha.

Akarere kazoshinga ibisobanuro vyihariye ibikorwa ngenderwako mugu shimikiza aya mategeko y' umurwi ujejwe ubuyobozi bw' indero biciye m' ugufatakanisha [inzira ngenderwako z' ubuyobozi](#).

S-10-Policy_KIRUNDI 2020-6-9

Nta mukozi w'akarere canke umunyeshure ategerezwa gukumirwa muvuyerekeye itangwa ry' akazi canke m' umugambi canke ibikorwa vy' akarere bivanye n' imyaka y' umuntu, urukoba, ubumuga, ngore na ngabo, ikiranga gitsina, amakuru y'inkomoko, igihugu ca kavukire, kuba afise imbanyi, ubwoko, idini, igitsina, ivyiyumviro vy' igitsina, canke kuba umusirikare wa kera. Akarere kishinze gutanga ku buryo bungana hamwe no guha bose amahirwe angana kumigambi yako, infashanyo n' itangwa ry' ubuzi harimwo amategeko yako, inzira zugushikiriza ibirego, gushirwa mumigambi, gukoresha inyubakwa y' akarere, uburaro hamwe n' ibindi birajishyamba muvuyerekeye amahirwe ya bose kwitangwa ry' akazi. Akarere kandi gatanga amahirwe angana yo gukoresha inyubakwa zako ku mirwi y'urwaruka iri k' urutonde rw' Umurongo wa 36 mu Gitabu c' Amategeko Yisungwa muri Leta Zunze Ubumwe bw' Amerika, harimwo n' imirwi y' urwaruka rw' abaskuti. Umuntu akurikira yashinzwe kugira akurikirane amakuru yibibazo bitangwa hamwe n' ibirego bijanye nugukumirwa, iburabuzwa, hamwe n' ukwihora: Tina Hatch, Compliance and Investigations, 440 East 100 South, Salt Lake City, Utah 84111, (801) 578-8388. Urashobora kandi kwitura Ibiro vy' Agateka Kazinamuntu kuri the Office for Civil Rights, Denver, CO, (303) 844-5695.